


KONTAN, AN SANTE, EPI MWEN SAN PLOH!

Copyright 2021 NH DHH

Moun ki ekri dokiman sa a:
Gail C. Gettens ak Knatalie Vetter

Ilustrasyon: Allison Valentine

Fanmi nou ap grandi,
nou espere yon bebe.
Nou bezwen plis espas
Pou grandi ak jwe.



Paran, èske ou te konnen:

Plon se yon pwazon ki nuizib pou prèske chak pati nan kò yon timoun, espesyalman sèvo a.

Kèk etap senp kapab ede kenbe pitit ou san plon.



Copyright 2021 NH DHHS



Copyright 2021 NH DHHS

Lè n ap chèche yon pi gwo kote,
n ap aprann pandan n ap vanse.
Si gen penti abaz plon,
nou bezwen konnen.



Paran, èske ou te konnen:

Anvan ou achte oswa lwe yon kay yo te bati anvan ane 1978, ou ta dwe, dapre lalwa, resevwa *Pwoteje Fanmi w Kont Plon* nan Tiliv ki Konsène Kay Ou.

Kay yo te bati anvan ane 1978 ka gen penti abaz plon ak pousyè plon.

Anvan nou fè chanm yo
tyèd ak briye,
nou tcheke si gen plon
pou modènize touswit.



Paran, èske ou te konnen:

Anvan ou deside achte oswa modènize yon kay yon enspektè lisansye nan plon kapab teste pou detekte penti abaz plon.

Yon enspeksyon kay la pa gen ladan yon tès pou detekte penti abaz plon.



Copyright 2021 NH DHHS



Copyright 2021 NH DHHS

Fason pou teste penti a,
tout kote yo wouj.
Kounye a nou konnen
kote ki gen plon.



Paran, èske ou te konnen:

Kantite pousyè plon ki kapab anwazonnen yon timoun tèlman piti,
ou pa kapab wè li nan men, jwèt yo, planche yo, oswa lòt sifas yo.
Ou kapab achte twous tèl plon nan men detayan prensipal yo ak
sou entènèt.

Preparasyon vwayaj nou.
Sa pral amizan!
Rete lwen kay la
jiskaske travay la fini.



Paran, èske ou te konnen:

Timoun ak fanm ansent yo ta dwe kite kay la jiskaske travay tès planin fini epi zòn nan netwaye okonplè.

Travay ki deranje penti abaz plon kapab kreye pousyè plon ki danjere.



Copyright 2021 NH DHHS



Copyright 2021 NH DHHS

Travay san plan
enpòtan pou nou fè,
pou pwoteje fanmi nou
ak travayè yo tou.



Paran, èske ou te konnen:

Renovatè ki sètifye nan pratik travay san plan resevwa fòmasyon tou pou tcheke si gen plan pou distribiye tiliv *Dwa pou Modènize*.

Fòmasyon pou modènizasyon san plan disponib tou pou pwopriyetè kay yo.

Pou soufle bouji a,
fanmi nou rasanble toupren.
Pou chante “Happy Birthday”
pou selebre ane a.



Paran, èske ou te konnen:

Timoun ki sanble kontan ak an sante kapab gen nivo plon danjere nan kò yo.

Ou ta dwe teste nivo plon timoun yo lè yo gen laj 1 ane epi **ankò** lè yo gen laj 2 zan.





Lè ou ale nan klinik doktè
lè timoun nan gen laj yon ane
ak dezan, yon tès nivo plon
se sa nou pral fè.



Paran, èske ou te konnen:

Ou kapab teste nivo plon pitit ou nan klinik doktè a avèk yon senp bout dwèt.

Rezilta tès la ap disponib anvan ou kite klinik la.

Tcheke bebe ou
depi nan tèt jouk nan zòtèy,
yon tès nivo plon rapid
anvan ou ale.



Paran, èske ou te konnen:

Li enpòtan pou lave men pitit ou avèk savon ak dlo **anvan** li manje, dòmi, epi pou teste nivo plon pou retire patikil plon. Tanpon abaz alkòl ak dezenfektan men **pa** retire plon.



Copyright 2021 NH DHHS



N ap ri ansanm
pandan n ap jwe avèk jwèt yo,
kay nou ranpli
avèk bwi kè kontan.



Paran, èske ou te konnen:

Gen anpil kote lakay ou ak anviwònman kote ou kapab jwenn plon, tankou penti, pousyè plon, tè ak dlo ki gen plon.

Plon kapab antre nan kèk kalite djòb ak pastan.

Pran ti etap ki senp
ki fasil jan yo kapab ye,
sa ap kenbe nou kontan,
an sante ak san plon!



Paran, èske ou te konnen:

Pa gen nivo ekspozisyon nan plon ki san danje pou timoun; menm nivo ba yo pa bon pou sante yo, devlopman sèvo, ak kwasans yo.
Nou kapab evite anpwazònman nan plon a100%.



Copyright 2021 NH DHHS

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb LeadFree.Me



Yo bay sipò klinik yo nan Chapit NH Akademi Pedyatrik Ameriken.

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal NH (NH DHHS) te devlope tiliv sa a avèk akò Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (HHS), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) ak Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA). Kontni yo se kontni NH DHHS epi yo pa nesèman reprezante règleman ofisyèl oswa pwendvi, ni yon apwobasyon HHS, CD oswa EPA. Kontra Asirans lan pwendvi ofisyèl, ni yon apwobasyon HHS, CDC oswa Gouvènman Etazini.

Enfòmasyon nou bay nan liv sa a baze sou entèpretasyon syantifik ak teknik ki la nan moman an pou pwoblèm nou prezante yo. Si ou swiv konsèy nou bay la sa p ap nesèman ba ou pwoteksyon nan tout sitiyasyon yo oswa pwoteksyon kont tout danje pou sante ekspozisyon nan plon kapab lakòz.



PINT SIZE PRODUCTIONS, LLC
Amherst, New York 14221 • Sanborn, New York 14132
Conforms to ASTM and CPSIA testing requirements.
Proudly manufactured in the USA.
PINTSIZEPRODUCTIONS.COM



Distributed by
Cribs for Kids LLC.
TO ORDER BOOKS:

